

LKPD BASA SUNDA KELAS 7
SMPN 20 BANDUNG
MATERI: MAHAM EUSI DONGENG

WASTA :

NO ABSEN :

KELAS :

KAPING :

SAKADANG PEUCANG

Aya peucang meuntas diudag-udag ku maung, keur ngalungsar baé di sisi reuma, ngararasakeun kacapé. Empès-empès baé gawéna. Panonna culak-cileuk bari muringis. Atuh da awakna mani bararéd, sirahna raméd, urut totorobosan lumpat di nu bala. Lila ngajoprak baé. Ari geus rada reureuh, jung nangtung kukuliatan ngalempengkeun cangkèng, cenah."Hadéna baé teu kaudag. Ka mana jorna éta Si Corélèng téh ayeuna?"omong peucang téh. Éuleuh ieu suku mani boléksék. Beu ieu sirah deuih mani peurih kieu, tikakarait kana cucuk meureun. Tapi jamak da anak lalaki, mokaha sakitu mah. Ulah jadi kadaharan maung baé! Jeungna ieu aing téh nahnay teuing. Beuteung kukurubukan deuih. Ka mana néangan hakaneun? Aya-aya nu ngirim tiwu ngora, meureun atoh. Ah, rék ka lebak baé. Ka tonggoh mah sieun didodoho Si Belang".

Capé-capé kénéh ogé maksakeun manéhna indit, bari ulak-ilik sugan aya anu beunang didahar.

Éuweuh populé hui-hui acan. Jelema mah hawek teu ngagéhan sileurana-sileurana acan, kadedemes naker. Kacida teuing hayang seubeuh sorangan baé. Lakadalah, itu kebon bonténg sigana. Bagja aing, keur peurih beuteung manggihan kebon mani ngémploh. Paingan hayang ka landeuh. Euleuh itu bonténg keur meujeuhna ngora, moal teu aramis. Tapi kè bisi ava nu bogana!"

A. PILIH SALAH SAHIJI JAWABAN ANU BENER!

1. Dongéng di luhur téh kaasup kana dongéng....
a. Fabel b. parabel c. sasakala d. babad
2. Palaku utama dina dongéng di luhur téh, nya éta....
a. Sakadang Peucang b. Si Corélèng c. Patani d. Si Belang
3. Ceuk hidep, kira-kira anu dimaksud Si Corélèng téh nya éta....
a. Buhaya b. Oray c. Maung d. Singa
4. Peucang téh dina basa Indonesia mah disebutna....
a. Tikus b. Kancil c. Kijang d. Burung
5. Ceuk peucang jelema téh sipatna....
a. Bageur b. gedé ambek c. hawek d. éraan
6. Peucang téh tuluy manggihan kebon....
a. Kacang b. bonténg c. tiwu d. hui
7. Bagja aing, keur peurih beuteung manggihan kebon mani ngémploh.
Kecap *peurih beuteung* sarua hartina jeung....
a. Nyeri beuteung b. mules c. lapar d. wareg
8. Barang jol nu boga kebon, manéhna ambek lantaran kebonna...ku peucang.
a. Diruksak b. diurus c. dipelakan d. dicéboran
9. Jelema mah hawek teu ngagéhan sileurana-sileurana pisan.
Kecap *hawek* sarua hartina jeung....
a. Bageur b. sarakah c. judes d. nyaahan
10. Éuleuh itu bonténg keur meujeuhna ngora, moal teu aramis. Tapi kè bisi aya nu bogana!"ceuk Si Peucang.
Saha nu dimaksud nu bogana kebon bonténg téh....
a. Si peucang b. Maung c. Patani d. Si Corélèng

B. PILIH SASARUAAN HARTI KECAP DI HANDAP IEU KU CARA NGAGESERKEUN JAWABAN NU AYA DIGIGIREUNANA!

11. Ngalungsar		LEBAK
12. Hakaneun		JELAS
13. Didodoho		SOMBONG
14. Kadedemes		NGAJOPRAK
15. Landeuh		DAHAREUN
16. Ditèjèh		NANGTUNG
17. Tètèla		HAWEK/SARAKAH
18. Ngabedega		DIINTIP
19. Ditegeskeun		DITINCAK
20. Adigung		DISIDIKEUN

C. BERE TANDA CEKLIS (✓) DI KOLOM JAWABAN BENER ATAWA SALAH NU DIGIGIR KALIMAH!

21. Peucang diudag-udag ku maung.	BENER	SALAH
22. Nu dimaksud Si Corèlèng tèh nya éta Buhaya.	BENER	SALAH
23. Kecap hawek sarua hartina jeung nyaahan.	BENER	SALAH
24. Sakadang Peucang tèh basa Indonesia na mah Kancil.	BENER	SALAH
25. Lantaran lapar Sakadang peucang ngaruksak sawah.	BENER	SALAH
26. Peucang tèh ngalungsar di sisi basisir.	BENER	SALAH
27. Maung tèh diudag-udag ku Sakadang Peucang.	BENER	SALAH
28. Sanggeus diudag-udag maung, sakadang peucang lapar.	BENER	SALAH
29. Sakadang peucang ngaruksak kebon hui na patani.	BENER	SALAH
30. Jelema mah hayang seubeuh sorangan ceuk Sakadang Peucang.	BENER	SALAH